



Pou Piblikasyon Imedya: 02/01/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN LEJISLASYON POU AMELYORE SEKIRITE ASANSÈ YO

Li Egzije Tout Moun ki Angaje nan Konsepsyon, Konstriksyon, Jesyon, Enspeksyon, Mentnans ak Reparasyon Asansè yo pou yo gen Lisans Eta New York bay.

Li Kreye Konsèy Konsiltatif sou Sekirite ak Nòm Asansè Eta New York la

Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen jodi a lejislasyon (S.4080-C/A.4509) pou amelyore sekirite asansè. Lwa sa a egzije tout moun ki angaje nan konsepsyon, konstriksyon, enpeksyon, mentnans ak reparasyon asansè oswa lòt mwayen transpò otomatize pou transpòte moun yo pou yo gen lisans nan Eta New York bay. Lwa a kreye tou Konsèy Konsiltatif sou Sekirite ak Nòm Asansè Eta New York (New York State Elevator Safety and Standards Advisory Board) la pou ede etabli rekòmandasyon yo pou enspeksyon, egzamen asansè yo pou reponn ak egzijans pou lisans yo, ak aplikasyon pou asire konfòmite epi pwomouvwa sekirite piblik.

"Plizyè milyon Nouyòkè depann de asansè pou ale epi soti nan travay, lekòl ak lakay yo, epi pou anpil Nouyòkè ki andikape se sèl mwayen aksè yo a", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pandan twò lontan asansè ki pa an sekirite epi ki defektye te lakòz blesi ki pa nesesè ak menm lanmò, epi nouvo lwa sa a pral ede asire ke tout moun ki ap travay avèk asansè yo genyen fòmasyon ak kalifikasyon kòrèk pou asire ke machin sa yo reponn ak nòm sekirite nesesè pou bay sèvis ki fyab."

Senatè Diane J. Savino te deklare, "Lwa sou Sekirite Asansè (Elevator Safety Act) a pral transfòme sekirite asansè nan Eta New York nan etabli nòm edikasyon ak fòmasyon minimòm pou fonksyonman asansè yo. Eta New York genyen 10 pousan nan tout asansè nan peyi sa a epi lwa bon sans sa a pral pwoteje sekirite Nouyòkè yo. Mwen remèsye Gouvènè Cuomo dèske li konprann ijans pou pwojè lwa sa a epi dèske li siyen li pou vini yon lwa - asire ke se pwofesyonèl fòme ki ap travay sou asansè yo ki ap transpòte plizyè milye moun chak jou yo se yon gwo kòmansman pou 2020 an".

Manm Asanble Marcos A. Crespo te di, "Lè nou kreye yon lisans atravè tout Eta a, yon nòm inifòm, epi lè nou ogmante responsabilite pou enstalasyon ak reparasyon asansè yo nan tout Eta nou an nou pral non sèlman amelyore kondisyon sekirite yo pou mendèv sa a men tou asire yon sèvis ki plis an sekirite ak plis fyab pou tout Nouyòkè yo ki depann chak jou de asansè pou mennen lavi ak travay yo. Pa gen okenn dout ke lejislasyon sa a pral ede anpeche blesi serye ak pèt lavi pou enstatatè yo ansanm ak pèsònèl reparatè ak itilizatè asansè yo. Mwen rekonesan dèske mwen te travay avèk

Gouvènè Cuomo, Senatè Diane Savino, lidè travay yo, komite travay la, defansè ak pèsonèl ak manm komite travay la dèske mwen finalman wè pwojè lwa sa a vini yon lwa".

Itilizasyon elevatè ak mwayen transpò otomatize pou transpòte moun yo ekspozè piblik la ak kondisyon ki pa an sekirite epi yo kapab potansyèlman lakòz blesi serye oswa lanmò. Anplis de sa, fason ki pa kòrèk epi ki pa inifòm kèk antreprenè ak anplwaye yo a konsevwa, konstwi, enspekte, mentni, modifiye ak repare asansè ak lòt mwayen transpò yo kreye yon risk sante ak sekirite ki pa nesèsè, ki evitab pou piblik la. Resaman, te genyen plizyè lanmò ak blesi ki gen rapò ak move fonksyonman asansè nan Eta New York.

Nouvo lwa sa a pral pwoteje piblik la ak anpeche blesi akòz asansè yo ki mal antreteni epi ki pa an sekirite nan egzijè tout moun ki ap travay avèk asansè ak lòt mwayen otomatize pou transpòte moun pou yo gen lisans Eta New York bay. Pou yo resevwa yon lisans, moun sa yo pral bezwen reponn ak kalifikasyon nesèsè yo epi patisipe nan fòmasyon ak edikasyon kontini.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)